



Kòmenwelt Massachusetts
Biwo Egzekitif Travay ak Devlopman Anplwyate
Depatman Aksidan Endistriyèls

Gid Anplwayè a Sistèm Rekonpans Anplwaye Massachusetts

Esta guía está disponible en español en nuestro sitio electrónico: www.mass.gov/dia

Este Guia está disponível em português no nosso site: www.mass.gov/dia

Es manual sta skritu na Kriolu di Kabu Verdi prontu pa bu uzu na website (pagina na interneti): www.mass.gov/dia

本指南的中文版位於我們的網址:
www.mass.gov/dia

Có Huóng Dᾶn này bằng tiếng
Việt Nam tại mạng lưới của chúng tôi:
www.mass.gov/dia

W ap jwenn gid sa a ekri nan lang kreyòl sou sit entènèt nou an: www.mass.gov/dia

គោលការណ៍រៀបចំនេះ
អាមេរិកជាតិខ្លួនទៅលើវបស់របស់យើង :
www.mass.gov/dia

يتوفر هذا الدليل باللغة العربية على موقعنا التالي على الويب:
www.mass.gov/dia

FORM 110
The Commonwealth of Massachusetts
Department of Industrial Accidents – Department 110
1 Congress Street, Suite 100, Boston, Massachusetts 02114-2017
Info. Line 800-323-3249 ext. 470 in Mass. Outside Mass. - 617-727-4900 ext. 470
http://www.mass.gov/dia

EMPLOYEE'S CLAIM
ALL OTHER CLAIMANTS SHOULD USE FORM 115
FOR USE BY EMPLOYEES OR DEPENDENTS CLAIMING BENEFITS AS A RESULT OF INJURY OR DEATH.
IMPORTANT - INSTRUCTIONS AND CODES ON THE REVERSE SIDE - Please Print Legibly or Type - Unreadable forms will be returned.

Employee's Name (Last, First, MI):	Social Security Number*	Home Telephone No.:	Date of Birth:	# of Dependents:
6. Home Address (No., Street, City, State & Zip Code):	7. Employee's E-mail address (if available):	8. Name, Address and BB# of Employee's Attorney (if no attorney leave blank)*:		
9. Attorney's E-mail address (Required):		9a. Attorney's Telephone No.:		
10. Employer's Name & Address (No., Street, City, State & Zip Code):		10a. Industry Code (See Reverse Side):		
11. Workers' Compensation Insurance Carrier's Address and Tel. No. (NOT LOCAL AGENT/ADMINISTRATOR - See Instructions on reverse side):				
12. DATE OF INJURY (mm/dd/yyyy): 12a. Insurer's Case/Claim #:				
13. FIRST day of Total or Partial Incapacity to Earn Wages 14. FIFTH day of Total or Partial Incapacity to Earn Wages (mm/dd/yyyy): (mm/dd/yyyy):				
15. If Employee has Died, Date of Death (mm/dd/yyyy): 16. Describe Injury (Lower back, leg, arm, etc.):				
17. Briefly Describe How Injury/Exposure Occurred and Body Part(s) involved: 17a. Injury Code(s) Body Part Code(s) a. to body part a. b. to body part b. c. to body part c.				
18. Name(s) of Witness(es):				
19. Employee's Regular Occupation: 20. Average Weekly Wage: <input type="checkbox"/> Actual <input type="checkbox"/> Estimated \$ _____ 21. Has Employee Returned to Work?: <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No				
22. Has the Insurer Made Any Payments On Your Claim? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No If Yes - Indicate Type of Benefits and Amounts (Medical Bills, Wages, etc.): in the amount of \$ _____				
23. Section(s) of Law Claimed. Check all appropriate boxes below and attach documentation as required by M.G.L. c. 152, § 7G, § 110(1) and 452 CMR 1.07. a. Sec. 34 <input type="checkbox"/> Total, Temporary Incapacity Comp. from (date): from _____ to _____ and from _____ to _____ b. Sec. 35 <input type="checkbox"/> Partial Incapacity Comp. from (date): from _____ to _____ and from _____ to _____ c. Sec. 36 <input type="checkbox"/> Specific Comp. in the Amount of \$ _____ d. Sec. 31 <input type="checkbox"/> Survivor's Benefits e. Sec. 33 <input type="checkbox"/> Burial Expenses f. Secs. 13 & 30 <input type="checkbox"/> Medical Expenses g. <input type="checkbox"/> Other (Specify Sec.)				
24. Name and Address of Facility Where Employee was First Treated: 25. Name of Treating Physician:				
26. Employee's Claimant's Signature: 27. Date (mm/dd/yyyy): 28. Attorney's Signature (if applicable): 29. Date (mm/dd/yyyy):				

*Disclosure of Social Security Number is Voluntary. It will aid in the processing of your claim.
**Representation by an attorney is not required (see instructions on reverse side).

Form 110 - Revised 7/2010 - Reproduce as needed.

KISA REKONPANS ANPLWAYE YE?

Sistèm Rekonpans Anplwaye Massachusetts an plas pou asire ke anplwaye yo pwoteje pa yon asirans pou si jamè yo ta andomaje nan travay la oswa vin gen yon maladi ki gen pou woue ak travay la. Epitou sistèm lan limite ekspozisyon a patwon yo a responsabilite pou andomajman oswa maladi nan kote travay la (sòf pou sitiyasyon neglijans entansyonèl).

Nan sistèm sa, anplwayè [patwon] yo gen obligasyon anba Lwa Jeneral Massachusetts c. 152, Sek. 25A pou founi kouvèti asirans Rekonpans Anplwaye (RA) pou tout anplwaye l yo. Asirans sap eye ouu nenpòt ki tretman medikal ki nesèsè ak rezonab an relasyon ak andomajman oswa maladi e lip eye rekonpans pasyèl pou salè ki pèdi apre premye sink jou kalandriye de disability total oswa pasyèl.

Depatman Aksidan Endistriyèl (DAE) se ajans ki responsab pou administre lwa Rekonpans Anplwaye nan Massachusetts.

Anplwayè [patwon] gen sètèn obligasyon dapre lwa Massachusetts sa. Gid sa eksplike obligasyon anplwayè a genyen pou ranpli kondisyon lwa a.

Enkli nan gid sa se seksyon sou:

- Obligasyon Asirans
- Iminite pou Sètèn Ofisyè Kòoporasyon
- Kisa ki Pase Si yon Anplwayè [Patwon] Pa Gen Asirans Rekonpans Anplwaye
- Kijan pou Verifye Asirans Rekonpans Anplwaye
- Kondisyon Nesèsè pou Rapote Andomajman/Maladi
- Kijan pou Anrejistre/Kisa pou fè ak *Premye Rapo Anplwayè de Andomajman oswa Lamò (Fòm 101)*
- Avi Rapo Premye Vyolasyon
- Kijan pou fè Apèl sou Avi Rapo Premye Vyolasyon
- Demach Repote Reklamasyon de Andomajman oswa Maladi ki relye a Travay a Jijman
- Ako Yon Gren Peyman
- Sèvis Reabilitasyon Vokasyonèl
- Meye Fason pou Redwi Depans Asirans Rekonpans Anplwaye W
- Akt Ameriken ak Disabiliti (AAD)
- Keksyon Anplwayè [Patwon] Poze Pli Souvan

Obligasyon Asirans

Tout anplwayè [patwon] nan Massachusetts oblige gen asirans Rekonpans Anplwaye ki kouvi tout anplwaye konpanyi yo an, enkli tèt yo si yo se yon anplwaye konpanyi yo an. Obligasyon sa aplike kelke swa valè lè ke yo travay nan semèn lan, eksepte ke yon anplwaye sèvis domestic fèt pou travay yon minimum de 16 ètan pa semèn pou ke li ka jwenn kouvèti obligatwa a.

Anplwayè [Patwon] yo fèt pou avize tout anplwaye l yo de non konpanyi asirans Rekonpans Anplwaye a. Yon postè **AVIA ANPLWAYE YO** fèt pou afiche nan yon zòn komen nan travay la an Angle ak nenpòt ki lèt lang ki apwopriye. Yo ka jwenn postè a si w rele DAE (youn enkli nan fin gid sa), sou sit entènèt noun an www.mass.gov/dia oswa de konpanyi asirans lan. Si yo pa poste enfòmasyon sa patwon an ka peye yon aman de \$100.

Manm yon Konpayi Responsabilite Limite (KRL), asoye de yon Asosiyasyon Responsabilite Limite (ARL), ak asosiyasyon oswa sèl mèt yon biznis ki pa enkòopore pa gen *obligasyon* pou gen asirans rekonpans anplwaye pou tèt yo. Sepandan, manm sa yo, asoye ak sèl mèt yon biznis *ka chwazi* achte kouvèt asirans Rekonpans Anplwaye pou tèt yo. Pou l kouvri, manm lan oswa asoye an fèt pou rele yon bwokè asirans epi mande achte yon polis. Fòk ou konnen ke kouvèti opsyonèl lan aplike SELMAN a manm yo, asoye yo oswa sèl nèt biznis yo. Nenpòt ki *anplwaye* de biznis sa yo, ki pa yon manm oswa asoye biznis lan, *FET* pou l kouvri pa yon asirans Rekonpans Anplwaye.

Iminite pou Setèn Ofisyè Kòoporasyon

Setèn ofisyè kòoporasyon ka mande iminite de kouvèti anba akt rekonpans anplwaye a. Nenpòt ki ofisyè kòoporasyon ki gen omwen 25% entèrè nan kòoporasyon an ka gen iminite de pwovizyon Akt Rekonpans Anplwaye a. Iminite sa PA aplike ak anplwaye kòoporasyon an ki pa sou lis kouwe yon ofisyè kòoporasyon an. Fòk tout anplwaye yo toujou kouvri pa yon polis Rekonpans Anplwaye ki valab. Pouke ofisyè kòoporasyon an ka egzese dwa iminite sa, fòk yo sinyen *Afidavi Iminite pou Sètèn Ofisyè Kòoporasyon oswa Direktè (Fòm 153)*, ki deklare si yo vle oswa pa vle pou ekli tèt yo. Fòk yo voyte tout deman iminite pou yo apwouve yon an:

Department of Industrial Accidents
Office of Investigations
1 Congress St., Suite 100
Boston, MA 02114-2017

Kisa Ki Pase Lè yon Anplwayè [Patwon] Pa Gen Asirans Rekonpans Anplwaye

Anplwayè kap opere san asirans rekonpans anplwaye Employers pral resevwa nan men DAE Biwo Ankèt yon *LÒD SISPAN TRAVAY* e yap mete yon aman menimòm de \$100 pa jou komanse sou dat li emèt lan. Aman yo akimile chak jou jiskaske kouvèti asirans lan pran efè, e fòk yo peye aman lan an plen pouke yo ka leve *LÒD SISPAN TRAVAY*, jan li òtorize pa L.J.M. c. 152, Sek. 25C. **Lòd sa yo** ka ale nan apèl, men aman yo ap fèt a \$250 pa jou lè yo fè apèl, *LÒD SISPAN TRAVAY* ap rete an efe jiskaske asirans lan rantre an efe e yo peye aman lan.

Peyman aman sa yo ka fèt pa Visa, Mastercard oswa Discover, an kontaktan Biwo Ankèt DAE nan Boston ant 8am e 4pm, nan 617-727-4900 x7406. Yap aksepte peyman yo an pèson tou jiska 4pm nan nenpòt ki biwo DAE:

- Boston: 1 Congress St., Suite 100
- Fall River: 1 Father DeValles Blvd, 3rd Floor
- Lawrence: 354 Merrimack St., Building 1, Suite #230
- Springfield: 436 Dwight St.
- Worcester: 340 Main St., 3rd Floor

Anplisdesa, yon patwon ka sije a sanksyon kriminel, enkli pa plis ke en an prizon e/oswa jiska yon aman \$1500 deske yo jwenn li koupab. Patwon ki pa asire sije tou pou ekskli yo de kontra piblik pou yon peryòd de twa zan.

Si yon anplwayè pata gen kouvèti Rekonpans Anplwaye e yon anplwaye vin andomaje nan travay la, anplwaye sa ka kalifye pou resevwa rekonpansasyon de Fon Monetè Rekonpans Anplwaye, men Depatman ALegal DAE pral fè tout efo l sou non Fon Monetè a pou kolekte lajan sa yo nan men anplwayè ki pa asire an.

Kijan pou Verifye Kouvèti Rekonpans Anplwaye

Depatman Aksidan Endistriyèl founi piblik lan ak yon zouti gratis sou entènèt "Prev Kouvèti" (PK) ki ka ede verifye si yon patwon an patikilye gen yon polis asirans rekonpans anplwaye ki ajou. Malgre ke zouti PK an pa fèt pou detekte fwòd, nan sèten ka, li ka ede envestigatè DAE yo (pa referans sou entènèt) nan deteminen si fwòd egziste. Pou gen aksè a zouti PK an, jis ale nan www.mass.gov/dia epi clik sou link pou "Verifye Kouvèti Rekonpans Anplwaye." Zouti PK an aksèsib 24 sou 24.

Apre ou cheke zouti PK an pou yon biznis, ou panse ke kouvèti an pa an efè, ou ka rele Biwo Ankèt nou an nan 617-727-4900 x7313 oswa nimewo gratis lan nan 1-877-MASSAFE (627-7233 x7313). Oubyen ranpli fòm referans lan sou entènèt lan.

Kondisyon Nesèsè pou Rapote Andomajman/Maladi

Yon anplwaye andomaje vin kalifye pou benefis rekonpans pa semèn lè yo paka fè salè yo pandan sink jou kalandriye ke li a plen tan oswa pasyèl poutèt yon andomajman oswa maladi ki koze pa travay la. Jou pèt you pa bezwen konsekitif. Nan moman sa, patwon an oblige anrejistre elektwonikman *Premye Rapo Patwon de Andomajman/ Lanmo (Fòm 101)*.

Si yon andomajman oswa yon maladi fèt nan mwens ke sink jou de disability a plen oswa pasyèl, lap donk konsidere kouwe yon reklamasyon "sèlman medikal" e li pap oblige rapote a DAE an. Sepandan, yon reklamasyon sèlman medikal pral oblige anrejistre ak konpanyi asirans ou an, kouwe se konpanyi asirans lan ki pral peye pou tretman medikal yo.

Apati le 1ye Janvye 2014, *Premye Rapo Patwon de Andomajman/ Lanmò (Fòm 101)* ka sèlman anrejistre elektwonikman ak DAE an. Deske yo ranpli fòm lan, patwon an fèt pou enprime twa kopi *Premye Rapo Patwon de Andomajman/ Lanmò (Fòm 101)* lan ; yon pou dosye patwon an, yon pou konpanyi asirans lan epi pou voye yon bay anplwaye a. Fòk yo anrejistre fòm sa ak DAE nan yon peryòd de sèt jou kalandriye (pa enkli Dimanch ak Konje legal) de senkyèm jou a plen tan oswa pasyèl ke anplwaye a andomaje an. Anrejistreman fòm sa pa vle di se yon admisyon responsabilite.

Nenpòt ki anplwayè [patwon] ki pa anrejistre fòm sa a lè an twa fwa pandan yon peryòd 12 mwa pral penalize de \$100 pou chak vyolasyon apresa. Si aman lan pa peye nan peryòd 30 jou apre yo resevwa bodwo DAE an, yo pral konsidere sa kouwe yon lòt vyolasyon. Aman yo pral \$100 an plis pou chak fwa yo pa paye yo atan.

Si yon anplwaye pa repòte andomajman an oswa malady a ki an relasyon ak travay la touswit, w ap gen sèt jou kalandriye (Dimanch ak jou ferye legal pa enkli) de lè yo avize andomajman an oswa maladi a pou elektwonikman anrejistre fòm lan. Pa egzamp, si yon anplwaye pat travay pou twa

semèn e li pat avize w ke yo manke travay poutèt yon andomajman oswa maladi an relasyon ak travay la jiskaske yo tounnen travay, w ap gen sè jou kalandriye (Dimanch a jou ferye pa enkli) de notifikasyon an pou elektwonikman anrejistre *Premye Rapò Patwon yon Andomajman/ Lanmò* (*Fòm 101*).

Tanpri note: Nan ka kouwe ki mansyonen anlè a, fòk ou si pou ranpli bwat sou fòm lan ki make "**DAT LI REPOTE**" ak dat egzakt ke yo repòte de andomajman an oswa maladi a. Sa pral anpeche ke konpanyi ou an resevwa yon aman poutèt ou pa anrejistre fòm lan nan dat limit ki obligatwa a.

Kisa Pou Fè ak Premye Rapò Anplwayè Andomajman oswa Lanmò (Fòm 101)

Apati 1ye Janvye 2014, patwon yo **OBLIJE** anrejistre *Premye Rapò Patwon Andomajman/ Lanmò* (*Fòm 101*) elektwonikman.

Depatman an gen demach an plas pou anrejistre fòm yo elektwonikman an sèvan ak yon non izaj ak mò de pas. Ale nan sit entènèt noun an www.mass.gov/dia pou kreye yon kont pa cheche pou lyn entènèt "Aplike pou yon Kont Enlyn DAE" nan modul "SèvisEnlyn" lan.

Deske ou ranpli fòm lan, gen yon bouton enprime ou ka sèvi pou enprime fòm lan sou papye. Fòk ou fè twa (3) kopi fòm sa: **FÒK** ou bay anplwaye a yon (1) kopi; yon (1) kopi a konpanyi asirans ou an epi kenbe yon (1) kopi pou dosye ou.

Si ou anrejistre yon fòm ki pa fin ranpli nèt oswa li gen erè, DAE pral refize l epi ou pral resevwa tib avi refi ôtomatik eoi nan ekran komantè lan yo pral make erè yo. Yo pral mande ou korije enfòmasyon an epi anrejistre l ankò. Sa a pral ede ou evite ke yo ba ou aman. Si yo aksepte anrejistreman ou an, ou pral resevwa yon Nimewo Idantite transmisyon. Tanpri kenbe Nimweo Idantite Transmisyon an nan dosye ou.

Avi Premye Rapò Vyolasyon

Kouwe yon patwon, li trè enpòtan pou anrejistre *Premye Rapò Patwon Andomajman/ Lanmò* (*Fòm 101*) byen e li a lè; sinon, ou ka resevwa yon Avi Premye Rapò Vyolasyon. Gen plizye rezon pou resevwa yon Avi Premye Rapò Vyolasyon. Rezon pli kòmen yo se:

1. Premye Rapò a anrejistre anreta.
2. Pa ere patwon an pa anrejistre yon *Premye Rapò Patwon Andomajman/ Lanmò* (*Fòm 101*) ak DAE an e li sèlman anrejistre l ak ajan oswa konpanyi asirans yo.
3. Patwon an resevwa yon avi refi ôtomatik de depatman an e li pa korije erè yo ak anrejistre fòm ki kòrije an.
4. Asirans lan voye bay depatman an swa *Notifikasyon Peyman Asirans lan* (*Fòm 103*) oubyen *Notifikasyon Refi Asirans lan* (*Fòm 104*) an repons a yon rapò de patwon an nan sitiyasyon kote patwon an te neglige voye bay DAE an epi li te fèt pou l te anrejistre kouwe sèlman yon reklamasyon medikal.
5. DAE fè yon erè.

Kijan pou Fè Apèl a yon Avis Premye Rapò Vyolasyon

Lalwa oblige DAE pou poze aman bay patwon yo ki pa anrejistre yon *Premye Rapò Patwon Andomajman/ Lanmò (Fòm 101)* nan peryòd tan obligatwa an. **OU PRAL OBLIJE PEYE SWA AMAN LAN OUBYEN APÈL LAN NAN PERYÒD 30 JOU A.** Tanpri voye peyman yo a:

Department of Industrial Accidents
P. O. Box 3732
Boston, MA 02241-3732

Si ou resevwa de DAE yon *Avi Rapò Vyolasyon Andomajman Patwon (Fòm 60)*, e ou panse ki li pa valab, demach swivan yo se pou fè apèl:

Demach 1 - Apèl

Tout demann/apèl fêt pou anrejistre a lekri ak yon kopi bodwo vyolasyon an. Bay yon ti rezime nan lèt la poukisa ou panse ke ou pa responsab pou aman sa. Ou gen 30 jou kalandriye apre dat ki sou avi a pou fè sa. Enkli tout enfomasyon ki ASOSYE a ka a.

Demach 2 – Repons DAE

DAE an pral fè yon revizyon administratif endividylèt sou apèl ou an. Sa vle di ke nou pral fè rechèch e/oswa pran fòm oriijinal de dosye nou epi konfimen baz pou rezon yo bay aman principal lan. Si rechèch ak revizyon an sipòte sa ou panse an, nou pral pran aksyon pou nou retire vyolasyon an. Nap notifiye w a lekri de desizyon DAE an.

Demach 3 – Chita Tande

Si ou pa satisfè ak rezulta revizyon administratif lan, ou gen dwa pou mande pou yon chita tande fòmèl ak DAE nan peryòd 14 jou kalandriye apre ou resevwa desizyon nou an. Nap notifiye w de dat, lè ak kote yap fè chita tande sa.

Tanpri Note: Si ou pa peye aman lan oswa fè apèl vyolasyon principal lan, yap ajoute vyolasyon sou kont ou an. Regleman depatman (452 C.M.R. 1.03 (3) (C)) pa founi pou okenn apèl a *Avi Deman (Fòm 420)*. Aman lan douwe paye nan peryòd 14 jou kalandriye deske ou resevwa revizyon administratif lan. Yo pèmèt sèlman yon revizyon administratif pou chak vyolasyon.

Demach Repòte Reklamasyon Pou Andomajman oswa Maladi ki Relye a Travay a Jijman

Demach 1 – Andomajman oswa Maladi ki Relye a Travay

Lè yon anplwaye paka travay pou senk oswa plis jou kalandriue, a plen tan oswa pasyèl, akoz yon andomajman oswa maladi okipasyonèl, patwon an oblige anrejistre eletwonikman oriijinal *Premye Rapò Patwon Andomajman/ Lanmò (Fòm 101)* ak DAE an epi voye yon kopi bay konpanyi asirans yo, yon kopi a anplwaye ki asire an epi kenbe yon kopi pou dosye yo. Fòk fòm sa anrejistre nan peryòd sèt jou kalandriye (Dimanch ak jou ferye legal pa enkli) apati de senkyèm jou plen disability oswa pasyèl.

Demach 2 - Peyman oswa Refi Reklamasyon

Deske asirans lan resevwa fòm lan, yo gen 14 jou kalandriye pou peye benefis yo pou *Notifikasyon Asirans pou Peyman (Fòm 103)* oubyen avize anplwaye a ak DAE pa *Notifikasyon Refi Asirans lan (Fòm 104)* ke yap refize reklamasyon an. Konpanyi asirans lan ka peye yon reklamasyon pou jiska premye 180 jou apre andomajman oswa maladi inisyal lan san yo pa aksepte responsabilite pou reklamasyon an. Pandan 180 jou “Peye san Prejije” sa, asirans lan ka sispan oswa chanje peyman yo apre yo bay preavi sèt jou kalandriye a anplwaye ki andomaje a ak DAE ak yon *Notifikasyon Asirans ap Tèminen oswa Chanje Rekonpansasyon pa Semèn Pandan Peryòd Peyman an San Prejije (Fòm 106)*. Asirans lan, ak ako anpolwaye ki andomaje an epi ak ako DAE an, ka pwolonje peryò inisyal 180 jou an pou yon lòd 180 jou ak *Ako pou Pwolonje Peyman Peryòd 180 jou a San Prejije (Fòm 105)*. Apre peryòd inisyal 180 jou a pase, asirans lan ka sispan oswa redwi peyman yo sèlman pou rezon ki spesifye nan Akt Rekonpans Anplwaye ak regleman yo.

Si asirans lan ta refize reklamasyon an oswa sispan oubyen redwi peyman deske li komanse pwosedi an, anplwaye a ka enrejistre yon *Reklamasyon Anplwaye (Fòm 110)* pou mande yon Konsilyasyon, premeye etap nan demach Rezolisyon Dispit lan.

Demach - Konsilyasyon

Premye etap nan yon reklamasyon ki konteste rele yon Konsilyasyon, ki se yon reynyon enfòmel ant konpanyi asirans ou an ak anplwaye w oswa avoka anplwaye w. Nan Konsilyasyon an, yo pral eseye regle koze ki an diskisyon an. Dabitid li fèt 12 jou ouvrab apre ke DAE resevwa *Reklamasyon Anplwaye (Fòm 110)* a. Yo pral voye bay konpanyi asirans ou an Notifikasyon sou dat Konsilyasyon an, e se responsabilite konpanyi asirans ou an pou voye yon reprezantan nan Konsilyasyon an. **Dabitid patwon yo pa ale nan Konsilyasyon yo.** Se sòfsi ka a ta gen pou woue ak Sek. 28, Patwon an ta Konsyamman gen Movez Kondwit, ke yo **pral** voye yon notifikasyon de dat ak lè Konsilyasyon an a patwon an, kap oblige parèt nan chita tande an. Si pa gen okenn antant ki fèt, yap refere reklamasyon an a yon Konferans, dezyèm etap nan pwosedi Rezolisyon Dispit lan.

Demach 4 - Konferans

Konferans lan se yon chita tande enfòmèl ki fèt devan yon Jij Administratif. Asirans lan ak anplwaye an oblige preznan Konferans lan. Patwon an pral resevwa notifikasyon pou dat Konferans lan, men li sèlman oblige ale nan Konferans lan si reklamasyon an gen pou woue ak Sek. 28, Patwon an ta Konsyamman gen Movez Kondwit. Nan Konferans lan, anplwaye a pral bezwen montre: (A) ke yo andomaje; (B) andomajman an oswa maladi a fèt akoz de travay la; epi (C) ke nenpòt ki bodwo medikal ki an diskisyon te pou tretman rezonab ak nesèsè. Apre Konferans lan, jij lan pral bay yon lòd pou peyman oswa refi. Kelkeswa pati yo ka fè yon apèl a desizyon san an yon delè de 14 jou kalandriye. Si yo fè yon apèl a Desizyon Konferans lan li prale nan staj Pwosè Vèbal lan.

Demach 5 – Pwosè Vèbal

Nan Pwosè Vèbal lan, menm Jij Administratif lan ki te fè Konferans lan pral koute yon chita tande fòmel kote yap konsidere tout prèv yo. Fòk anplwaye a epi konpanye asirans lan preznan Pwosè Vèbal lan ak nenpòt ki temwen. Yap voye bay patwon an yon notifikasyon dat Pwosè Vèbal lan, epi yap avize patwon an si lap oblige konparèt. Patwon an ap oblige konparèt nan Pwosè Vèbal la si reklamasyon an gen pou woue ak Sek. 28, Pantwon an ta Konsyamman gen Movez Kondwit. Regleman Prèv Massachusetts aplike e yap pran temwanyaj temwen yo anba sèman. Apre revizyon

de tout enfòmasyon ki disponib, jij lan pral bay yon desizyon a lekri. Si okenn pati nan ka a ta panse ke jij la fè erè nan lalwa oswa depase ôtorite yo ak desizyon an, pati an gen 30 jou kalandriye apati dat desizyon an pou anrejistre yon apèl ak Komite Revizyon an.

Demach 6 – Komite Revizyon

Komite sa konprime de sis Jij Lwa Administratif, twa ki pral egzaminen trasnkrisyon Pwosè Vèbal lan. Yo ka mande kelkeswa pati yo pou plede oralman oswa plede pa ekri. Komite Revizyon an ka ranvèse desizyon Jij Administratif lan, si yo ta jwenn yon erè nan lalwa, yo ka voye l tounnen nan etap Pwosè Vèbal lan devan menm Jij Administratif lan. Komite Revizyon an ka dako ak desizyon Jij Administratif lan si yo jwenn pat gen erè nan lalwa. Yo ka fè ap381 a desizyon yo nan peryòd 30 jou devan Tribunal Apèl Massachusetts. Fòk patwon an ale nan agiman oral yo, oswa anrejistre agiman pa ekri, si reklamasyon an gen pou woue ak Sek. 28, Pantwon an ta Konsyamman gen Movez Kondwit.

Tanpri Note: Si yo ta oblige chanje dat Konferans lan oswa Pwosè Vèbal lan, DAE an sijere ke ou chèke ak reprezantan asirans ou an pou nouvo dat ak lè a.

Ako Yon Gren Peyman

Nan anpil ka, yon asirans ak yon anplwaye ki andomaje pral dako pou yo tou rezoud ka a pa yon Ako Yon Gren Peyman. Peyman yon gren fwa a fèt nan plas chèk rekonpansasyon pa semèn ak sèten lòt benefis. Dapre lwa Rekonpans Anplwaye, patwon yo ak ekspeyans modifikasyon ki ka afekte a e fòk li konsanti a lekri pou ako ant asirans lan ak anplwaye a. Ale nan sit entènèt nou nan www.mass.gov/dia oubyen rele Biwo Enfòmasyon Piblik pou yon Bwochi Yon Gren Peyman.

Sèvis Reabilitasyon Vokasyonèl

Sèvis Reabilitasyon Vokasyonèl (RV) se sèvis non medikal ki fèt pou ede anplwaye a jwenn yon travay ke li ka fè ak salè ke li tap touché avan li andomaje an.

Sèvis ka enkli evaliyasyon kapasite anplwaye ki andomaje a, tès vokasyonèl, fòmasyon konsèy oswa gidi, modifikasyon nan lye travay lan, e/oswa ède jwenn travay/edikasyon fòmèl.

Benefis pouf è yon anplwaye ki andomaje tounnen travay ak patwon yo, ke li responsabilite leje oswa modifikasyon nan lye travay la oswa lè travay, ka amelyore istwa Rekonpans Anplwaye ak modifikasyon nan tò asirans yo. L.J.M. c. 152, Sek. 75B, jan li modifye an pa c. 572, Sek. 58 Akt 1985 yo, entèdi yon patwon nan Massachusetts pou revoke, refize anplwaye, anplwaye ankò, oswa bay pwomosyon oubyen diskriminen kont yon moun ki kalifye kouwe yon kokobe baze sou andikap moun lan. Ale nan sit entènèt nou an nan www.mass.gov/dia oubyen rele Biwo Enfòmasyon Piblik nou an pou yon Bwochi RV.

Meye Fason Pou Redwi Depans Asirans Rekonpans Anplwaye Ou Yo

Objektif Avan Pèt

Yo ka anpeche plipa aksidan anvan yo fèt. Men kek bagay ou ka fè pou anpeche aksidan fèt nan konpanyi w lan:

Demach 1 – Edikasyon ak Fòmasyon Sekirite nan Travay la

Meye fason pou redwi aksidan ak maladi nan travay lan se pou etabli yon bonjan pwogram edikasyon sekirite ak lasante ak fòmasyon. Pwogram prevansyon fèt pou edike w ak anplwaye w yo pou rekonèt, evite ak anpeche move kondisyon travay ak lasante nan travay lan fè ke gen rediksyon aksidan ak malady nan travay lan epi li ògmante pwodiksyon nan travay.

DAE bay prim bay aplikan ki kalifye baze sou yon seleksyon kompetitif inisyé pa yon Deman Pou Repons (DPR). Pou enfòmasyon konsenan pwogram prim sekirite an, pou aplike pou yon pre, oubyen pou jwenn yon lis founisè fòmasyon sekirite nan Massachusetts, ale nan sit entènèt nou an nan www.mass.gov/dia epi clike sou lyn Biwo Sekirite. Epitou ou kapab kontakte:

Office of Safety
Department of Industrial Accidents
1 Congress Street, Suite 100
Boston, MA 02114-2017
1-800-323-3249, ext. 7376

Demach 2 – Komite Sekirite Jwen Travay-Administrasyon

Yon engredyan esansyèl pou redwi aksidan ak maladi se etabli yon komite sekirite jwen travay-administrasyon nan travay la. Komite sa pral founi yon fowòm pou idantifye ak koriye kesyon sekrite ak lasante nan yon travay. Patisipasyon anplwaye yo se yon bagay fondamantal pou siksè nenpòt ki pwogram sekirite ak lasante okipasyonèl.

Si ou montre anplwaye w yo ke ou vreman konsene a sekirite yo, yo pral fè plis efo pou asire ke konpanyi w lan se yon kote ki senesòf pou travay ladan l.

Objektif Avan Pèt

Apre ke yon aksidan oswa maladi fèt, gen bagay ou fè ki pral afekte depans rekonpans anplwaye ou.

Demach 1 – Atansyon Medikal

Lè yon anplwaye andomaje oswa soufri yon maladi, sa ki plis enpòtan an se pou ba atansyon medikal ki rezonab ak nesèsè le pli to ke posib. Yon anplwaye ki andomaje oswa malad gen dwa a swen medikal adekwat ak rezonab, ki enkli vizit doktè, sèvis lopital, preskripsyon, elatriye. Anplwaye a gen dwa chwazi pwòp doktè pa yo pou tretman, e gen dwa chanje doktè sa yon fwa, sepandan, yon patwon gen dwa egzije premye randevou a ak yon doktè ki nan kontra founisè prefere pa yo. Atansyon medikal ki fèt touswit e ki efikas ka redwi disabiliti a lon tèm anplwaye a epi kite pri asirans lan ba pa mwa.

Demach 2 – Rapò Andomajman

Ranpli tout fòm ki fèt pou ranpli yo epi avize konpanyi asirans rekonpans anplwaye ou an de tout andomajman ak maladi. Si anplwaye a andomaje oubyen li paka travay pou tout salè li pou senk jou kalandriye a plen tan oswa pasyal, fòk ou avize DAE sou *Premye Rapò Anplwaye a pou Andomajman oswa Lanmò (Fòm 101)*. Sonje, gen yon aman pou si jamè ou pa anrejistre bonjan fòm lan nan delè a.

Fòk ou avize ajistè konpanyi asirans lan ak bay ajistè a nenpòt dokiman yo ta bezwen pouke reklamasyon ka fèt a tan san okenn delè.

Demach 3 - Enfòmasyon

Kenbe kontak ak anplwaye a, ajistè a, doktè yo ak nenpòt ki lòt moun kap patisipe nan ka a. Kenbe tout dosye dokiman yo epi bay anplwaye a yon kopi.

Demach 4 - Tounnen Travay

Youn nan fason enpòtan pou redwi depans rekonpans anplwaye w se fè anplwaye a tounnen travay. Modifikasyon djòb oswa zouti ka ede anplwaye a tounnen travay le pli tò ke posib epi ede anpeche aksidan nan le fiti.

Akt Ameriken Ak Disabiliti (AAD)

Yon patwon paka fè demann regadan istwa rekonpans anplwaye yon aplikan avan yo fè yon òf travay kondisyonèl.

Apre ke yo fè yon òf kondisyonèl, yon patwon ka fè yon deman sou istwa rekonpans anplwaye yon moun nan yon deman medikal oswa egzamen ki obligatwa pou aplikan nan menm kategori travay sa.

Yon patwon paka egzije yon aplikan pou li fè yon egzamen medikal poutèt repons yon ankèt medikal (oppose a rezulta de yon egzamen medikal) deklare yon akisan li te fè akoz de travay li, sòfsi tout aplikan nan menm kategori travay lan oblige fè egzamen an.

Pouke yon anplwaye andomaje ka pwoteje pa Akt Ameriken ak Disabiliti (AAD) pral depan sou si moun lan ranpli definisyon AAD an ou non de yon "moun ak yon disabiliti" epi "yon moun ki kalifye ak yon disabiliti."

Poutèt yo bay yon anplwaye benefis rekonpans anplwaye oubyen yo asignyen kouwe tò disabiliti Rekonpans Anplwaye l wò, pa ôtomatikman etabli moun sa ke li pwoteje pa AAD.

Anrejistre yon reklamasyon Rekonpans Anplwaye pap anpeche yon anplwaye ki andomaje pou anrejistre yon chaj anba AAD an. Klòz "ekslivite" nan lwa eta Rekonpans Anplwaye anpeche tout lòt rekous sivil an relasyon ak yon aksidan ki te rekonpanse pa yon sistèm Rekonpans Anplwaye. Sepandan, klòz sa yo pa entèdi yon moun ki kalifye ak yon disabiliti pou li anrejistre yon chaj diskriminasyon ak Komisyon Opotinite Egal Travay (KOET) oswa anrejistre yon pwose vèbal anba AAD an si KOET te founi yon lèt pou "dwa asinyen".

\Akt Ameriken ak Disabiliti entèdi ou pou bay yon egzamen fizik oswa medikal a yon aplikan potansyèl sòfsi ou ofri moun lan yon travay. Sonje, li ilegal pou diskriminen kont moun ki gen yon disabiliti. Pou plis enfòmasyon konsènan AAD an, tanpri rele Komisyon Opotinite Egal Travay (KOET) nan 1-800-669-4000 oubyen Biwo Massachusetts sou Disabiliti nan (617) 727-7440.

Keksyon Patwon yo Mande Plis Souvan

K: Kijan lwa rekompans anplwaye a defini yon anplwaye?

L.J.M. c. 152, Sek. 1 (4) deklare ke yon anplwaye se "chak moun ki nan sèvis yon lèt moun anba nenpòt ki kontra pou travay, eksprime oswa enlike, oralman oswa pa ekri." Eksepsyon yo enkli men pa limite a:

- Matlò ki angaje nan kòmes ant eta/etranje;
- Vandè imobilye oswa atik konsomatè ki travay anba komisyón, oubyen ki achte/van, pase nan yon etablisman detay, (ak yon kontra a lekri ki deklare ke yo pa konsidere kouwe yon anplwaye anba lwa enpò federal);
- Chofè Taksi ki louwe taksi a sou baz yon frè ki pa an relasyon ak tarif yo rasable an (e ke yo pa kondisere kouwe yon anplwaye anba lwa enpò federal);
- Moun ki angaje nan kòmes ant eta/etranje ki kouvre pa lwa enpò federal pou rekompans pou aksidan oswa lanmò.

K: Kijan DAE an define yon founisè endepandan epi eske yo oblige kouvri nan kontra rekompans anplwaye a?

Yon nan avoka nou yo pral repon keksyon regadan kouvèti founisè endipandan yo. Tanpri rele Biwo Legal nou nan 617-727-4900, ekstansyon 7423 pou pale ak yon avoka.

K: Kote pou mwen jwenn Premye Rapò Anplwayè [Patwon] Andomajman oswa Lanmò (Fòm 101)?

Apati le 1ye Janvye 2014 Premye Rapò Patwon Andomajman oswa Lanmò- Fòm 101 pap disponib ankò sou papye. Tout fòm 101 **OBLIE** anrejistre elektronikman atravè yon kont anlyn ak DAE.

Pou kreye yon kont avèk nou tanpri ale sou sit entènèt nou nan www.mass.gov/dia epi cheche pou lyn ki rele « Aplike Pou yon Kont DAE Anlyn » ki lokalize nan modil « Sèvis Anlyn » nou an.

K: Map komanse yon biznis è mwen bezwen asirans rekompans anplwaye. Kisa pou m fè?

Ou ka pran asirans lan pa nenpòt ki ajan asirans oswa koutye ki okipe asirans biznis oubye direkteman ak yon konpanyi ki ekri asirans. Pou plis enfòmasyon, rele Biwo Endis ak Enspeksyon Rekompans Anplwaye nan (617) 439-9030.

K: Mwen gen yon ti biznis. Sèl moun kap travay avè m se madanm mwen (oubyen yon fanmi). Eske mwen bezwen asirans rekompans anplwaye?

Wi. Fòk manm fanmi an kouvri pa asirans Rekompans Anplwaye menm si yo se sèl anplwaye konpanyi an. Eksepsyon an se si yo ta yon asosye nan yon LLC, oubyen anrejistre pou yo padon kouwe yon ofisyé kòporasyon an e ke yo gen omwen 25% byen nan konpanyi.

K: Mwen se yon ofisyé konpanyi a, sèl mèt kòoporasyon an. Mwen gen de (2) anplwaye kap travay pou mwen. Mwen konnen mwen bezwen asirans rekompans anplwaye pou anplwaye m yo, men eske mwen bezwen yon pou mwen kouvri tèt mwen?

Non. Apati di 25 Jwiye 2002, yon chanjman nan lwa Rekonpans Anplwaye rantre an efe ki pèmèt ofisyé konpanyi ki gen omwen 25% konpanyi a pou li pa bezwen kouvèti Rekonpans Anplwaye. Ofisyé konpanyi sa yo ka anrejistre yon *Afidavi Ekzampsyon pou Sèten Ofisyé Kòoporasyon oswa Direktè (Fòm 153)* ak DAE an pou ekskli tèt yo. Chanjman sa pa afekte obligasyon ke tout patwon yo kouvri anplwaye l yo ak asirans RA an.

K: Mwen se mèt yon biznis ki pa nan Massachusetts e yo anbwoche m pou m fè kèk travay nan Massachusetts. Eske mwen douwe pran yon polis nan Massachusetts pou rekompans anplwaye?

Dapre lwa Massachusetts ou oblige kouvri tout anplwaye w yo ak benefis Rekonpans Anplwaye yo. Ou pa oblige achte yon polis sèlman pou Massachusetts depi nan polis Rekonpans Anplwaye ou gen kounyea kouveti pou Massachusetts nan lis anba Seksyon 3A. Note yon lòt kote nan polis la ke "tout eta yo kouvri" oubyen yon bagay konsa pa aksètab.

K: Mwen se yon patwon, mwen gen yon keksyon regadan modifikasyon ekspeyans pou biznis mwen an?

Rele Biwo Rekonpans Anplwaye Klasman ak Enspeksyon nan (617) 727-9030

K: Mwen se yon patwon, ki moun ki ka reponn keksyon regadan asesman sou asirans rekompans anplwaye m lan?

Rele Biwo Asesman DAE an nan (617) 727-4900, ekstansyon 5484

K: Mwen bezwen ranplase yon anplwaye ki andomaje oswa ki soufri yon malady nan travay la epi lap resevwa renkonsasyon anplwaye; eske mwen oblige kenbe djòb la louvri pou anplwaye a?

Sòfsi ta gen yon kontra inyon oswa kontra ak anplwaye a ta mande sa, yon patwon pa oblige kenbe djòb anplwaye ki andomaje a louvri pandan epòk yo paka travay lan akoz ke li fè aksidan oswa malad nan travay lan. L.J.M. c. 152, Sek. 75A oblige patwon an bay preferans nan repran anplwaye ki andomaje yo lè yo pare pou tounnen travay, depi ke gen yon djòb ke anplwaye a ka fè. L.J.M. c. 152, Sek. 75B oblige ke patwon yo fè tout akomodasyon rezonab pou tout moun ki ta konsidere kouwe yon moun andikape anba L.J.M. c. 151B.

K: Kisa pou patwon yo fè pou yo asire ke anplwaye yo gen konesans kouvèti asirans lan e/oswa lòt enfòmasyon an relasyon ave l?

Fòk tout patwon yo afiche *AVIA ANPLWAYE YO* sou tablò biltèn nan yon zòn publik nan lye travay la an Angle epi nenpòt ki lòt lang awopriye. Avi a, ki disponib sou sit entènèt nou an nan www.mass.gov/dia, nan tout biwo DAE yo, e li enkli a lafin gid sa, fòk li ranpli okomplè endikan konpanyi asirans lan, adres, nimewo polis lan, non yon kontak pou yo rele si ta gen aksidan oswa ensidan ta rive. Tout sa se enfòmasyon publik e fòk li disponib a nenpòt ki moun ki ta bezwen l. Si ou pa bay anplwaye a enfòmasyon an sa se yon vyolasyon e patwon an pral sije a yon aman. Gen

espas tou sou avi a pou mete non founisè swen lasante ou chwazi pou premye swen apre yon aksidan.

K: Kouwe yon patwon, ki dwa mwen genyen pandan demach reklamasyon yo?

Pandan ke se asire an ki legalman pati enterese an pandan demach reklamasyon an, patwon an pral resevwa yon avi Konsilyasyon, Chita Tande, Konferans Yon Gren Peyman oswa pwosè vèbal konsenan movez kondwit patwon an (L.J.M. c. 152 Sek. 28). Si yon chita tande Sek. 28 Movez Kondwit Konsyans yon Patwon ta fèt pou biznis ou an, ou oblige parèt. Pou nenpòt ki Konsilyasyon, Konferans e/oswa Pwosè Vèbal pou youn nan anplwaye w yo, ou gen dwa pou parèt, sepandan ou paka patisipe sòfsi yo rele w kouwe yon temwen. Pou rezon sa yo ankouraje w pou kenbe dokiman ak detay regadan tout aksidan ak rapò enkli non temwen yo. Si ou ta gen okenn enfòmasyon enpòtan an relasyon ak nenpòt ki reklamasyon, fòk ou avize asire a.

K: Si gen youn nan anplwaye m yo ki sèvi ak lye travay mwen pou travay pèsònèl, eske y ap kapab reklame benefis RA si yo vin andomaje?

Si sa yo tap fè a te komplètman pèsònèl, lè sa a petèt yo pap ka reklame benefis anba polis Rekonpans Anplwaye w lan. Men si te gen ako ke lye travay lan te fè pati rekonpansasyon pou yo travay la, yo ka jwenn ke aksidan an te an relasyon ak travay lan e donk lap kouvri pa Rekonpans Anplwaye a.

Pou plis "Keksyon yo Poze Plis Souvan" ale nan sit entènèt nou nan www.mass.gov/dia.

Enfòmasyon Piblik

Lwa Rekonpans Anplwaye se yon bagay ki komplike; donk, etap pou arejistre yon reklamasyon ka gen anpil konfizyon. Bwochi sa a fèt pou reponn laplipa keksyon de baz ou ta genyen. Si ou bezwen plis enfòmasyon, rele yon nan biwo rejyonal nou yo oubyen rele Biwo Enfòmasyon Piblik nou an; andan Massachusetts, rele telefòn gratis lan: 1-800-323-3249, ekstansyon 470. Pa andan Massachusetts, rele 617-727-4900, ekstansyon 470. Ou ka jwenn enfòmasyon tou nan sit entènèt nou an nan <www.mass.gov/dia>.

TDD (teletip sèlman pou moun ki soud): 1-800-224-6196

Biwo Rejyonal DAE

Boston

1 Congress Street, Suite 100
Boston, MA 02114-2017
(617) 727-4900, 1-800-323-3249

Springfield

436 Dwight Street
Springfield, MA 01103
(413) 784-1133

Fall River

1 Father DeValles Boulevard, 3rd Floor
Fall River, MA 02723
(508) 676-3406

Worcester

340 Main Street
Worcester, MA 01608
(508) 753-2072

Lawrence

354 Merrimack Street
Bld. 1, Suite # 230
Lawrence, MA 01843
(978) 683-6420

Kòmenwelt Massachusetts

Biwo Egzekitif Travay ak Developman Anplwyate Depatman Aksidan Endistriyèls

GID OU A REKONPANSAYON ANPLWAYE
pibliye pa Depatman Aksidan Endistriyèl Massachusetts,
1 Congress St., Suite 100,
Boston, MA 02114-2017
Avril, 2014 - Enprime sou papye ki resikle